



PWOSÈ VÈBAL REYINYON ÒGANIZASYONÈL KOMITÈ BOSTON ALEKA

3 janvye, 2022

Komite Skolè Boston an te fè yon reyinyon òganizasyonèl anyèl aleka sou Zoom, jou 3 janvye, 2022, a 5:00 nan laprèmidi. Pou w jwenn plis enfòmasyon pou nenpòt nan atik yo ki mansyone anba a, ale sou sit entènèt www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imel nan adrès imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Skolè Boston an nan nimewo telefòn : (617) 635-9014.

PREZANS

Manm komite skolè a : Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael O'Neill; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; Quoc Tran; ak Reprezantan Etidyan Xyra Mercer.

Manm komite skolè a ki te absan : Pèsòn.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

[Pwogram Reyinyon an](#)

[Kalandriye Reyinyon 2022 yo](#)

RAPÈL A LÒD

Prezidan Robinson te raple reyinyon a lòd. Madam Sullivan te fè apèl non yo. Tout manm yo te prezan. Madam Robinson te di ke reyinyon aswè a t ap retransmèt an dirèk sou Zoom. L ap difize ankò sou chèn Boston City TV. Epitou l ap afiche sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse ke sèvis entèpretasyon similtane (entèpretasyon ki fèt an menm tan oratè yo ap pale) te disponib nan lang espayòl, vyetnamyen, kreyòl kap vèdyen, kreyòl ayisyen, chinwa kantonè, chinwa mandaren ak Lang Siy Ameriken (ASL) ; entèprèt yo te entwodui tèt yo e yo te bay kèk entstriksyon nan lang natif natal yo sou kòman moun kapab chanje chèn sou Zoom pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane yo. Divès dokiman reyinyon an te tradui nan toule nèt lang ofisyèl Lekòl Piblik Boston yo, e yo te afiche sou sit entènèt : www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee.

Madam Robinson te anonse ke tèm Doktè Hardin Coleman ak Ernani DeAraujo te ekspire jodi a e ke yo de (2) a pa t deside pou yon nouvo nominasyon. Li te remèsye yo toude a pou sèvis ak angajman yo te deplwaye an favè distri a. Li te di ke Biwo Majistra a te enfòmè l ke repons

3 janvye, 2022

Vil la anfas ogmantasyon pandemi COVID la arive koz yon delè nan nominasyon Majistra Wu pou Komite Skolè a. Majistra Wu, li menm, espere fè nominasyon yo trè byento

KALANDRIYE REYINYON 2022 YO

Apwouve - Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè a te dakò apwouve kalandriye reyinyon 2022 yo, jan l te prezante a.

ELEKSYON FONSYONÈ YO

Madam Robinson te lanse yon apèl pou nominasyon pou pòs prezidan an pou ane kalandriye 2022 a. Mesye Tran te lonmen Jeri Robinson. Madam Lopera te apiye nominasyon an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te dakò vote pou met yon arè nan nominasyon yo pou pòs prezidan an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè Boston an te vote pou yo eli Madam Jeri Robinson kòm prezidan Komite Skolè Boston an pou ane kalandriye 2022 a. Madam Robinson te remèsye Komite a deske yo te konfyè l avèk privilèj sa a pou l dirije Komite a.

Madam Robinson te lanse yon apèl pou nominasyon pou pòs vis prezidan an pou ane kalandriye 2022 a. Mesye Tran te lonmen Michael O'Neill. Madam Lopera te apiye nominasyon an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite a te dakò vote pou met yon arè nan nominasyon yo pou pòs vis prezidan an.

Apwouve – Pa mwayen apèl non, tout Komite Skolè Boston an te vote pou yo eli Mesye O'Neill kòm vis prezidan Komite Skolè Boston an pou ane kalandriye 2022 a. Mesye O'Neill te eksprime sipò li pou Prezidan Robinson epi l te di ke l espere mete men nan travay difisil ki devan yo a.

Mesye Tran te fè Madam Polanco Garcia ak Madam Lopera konpliman pou nominasyon yo nan Komite a, e li te remèsye yo pou dispozisyon yo te montre pou kontinye sèvis ke y ap bay nan kominote a.

REYINAN AN LAGE

Vè zòn 5:23 nan laprèmidi, tout Komite a te dakò vote pou lage reyinyon an, selon pwosesis apèl non an.

Ateste :



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitiv